



Office of the Bishop

Diocese of Brooklyn

310 Prospect Park West
Brooklyn, New York 11215

13 novanb 2019

Chè frè-m ak sè-m yo nan Granmèt la,:

Jodia, ``Associated Press" la te publiye yon istwa kap akuse-m, ki di mwen te fè abu seksuèl, lè-m te yon prèt nan pawas Sen Nikola, ki nan Jersery City nan ane 1970 yo.

Men deklarasyon mwen te fè bay jounalist AP-a: ``Mwen fèk aprann ke genyen akuzasyon sa-a. Pandan 50 an nan ministè mwen fè kou prèt, mwen pa janm aji nan yon fason ki te ilegal osnon enkorèk. Mwen konplètman niye akuzasyon sa-a. Mwen gen konfyans ke yap klere non mwen-an plèneman."`

Kouniye-a ap gen yon pwòsès legal. Map defann tèt mwen avek vigè, paske akuzasyon sa-a se fo! Mwen gen konfyans yap egzonere-m konplètman.

Abu seksuèl se yon krim ki merite rayisman. Depi mwen gen tan rive nan diosèz la an 2003, mwen te travay, et map kontinye travay, pou retire tout abu seksuèl de diosèz nou de Brooklyn e Queens. Diosèz Brooklyn te kreye anbyans seku nan klas ki eveye konsyans d'abu seksuèl, ni pou timoun ni pou granmoun ki travay avèk yo. Nou reyalize ekzaminasyon konduit (background checks) pou tout moun ki travay avèk timoun yo. Nou gen tan kreye yon Ministè pou ede Viktim - sila òfri konsèy endepandan e terapi pou viktim ki suviv abu, e li bay yo anpil sipò pou ede yo jwenn gerizon. Nou selebre yon Lanmès d'Espwa e de Gerizon chak ane, se pou nou kapab priye ansanm kòm Diosèz et nou kapab rete solidè ak viktim ki suviv abu yo e tout moun ki soufri anba abu seksuèl nan Legliz nou, pou yo kapab jwenn gerizon.

Jou kap vin yo ap òfri-n yon defi nan Diosèz la, tandiske map travay pou defann tèt mwen anba akuzasyon fo sa-a. Pandan tan difisil sa-a, map priye pou Diosèz nou-an, e mwen mande nou pou sonje-m nan priyè nou yo..

Sensèman nan Jezu-Kri,

Nicholas DiMarzio

Trè Reveran Nicholas DiMarzio, Ph.D., D.D.
Evèk de Brooklyn